



Pou Piblikasyon Imedya: 15/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MTA PRAL AKÒDE KONTRA POU PWOJÈ AKSÈ NAN ESTASYON METRO-NORTH PENN

Pwojè a ap bay sèvis dirèk nan Metro-North soti Bronx, Westchester ak Connecticut rive nan Estasyon Penn ak Kote Lwès Manhattan

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jori a ke Otorite Transpò Metwopolitèn nan (Metropolitan Transportation Authority, MTA) te apwouve yon kontra konsepsyon-konstriksyon pou Pwojè Aksè nan, k ap bay sèvis Metro-North dirèk soti nan Bronx, Westchester ak Connecticut rive nan Estasyon ak kote lwès Manhattan. Aksè nan Estasyon Penn lan ap diminye tan deplasman radikalman pou moun ki abite epi travay nan Lès Bronx, yon zòn ki pa gen sèvis chemennfè kounye a. Y ap bay Halmar International, LLC/RailWorks, J.V kontra a.

"Metro-North ap vini nan lès Bronx, epi pote deplasman ki pi rapid avèk li," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sèl pwojè sa pa li menm se yon gwo etap an avan pou jistis anviwònmanal, transpò ki dirab sou plan anviwònmanal, entèkonektivite ekonomik ak rejyonal Bronx, epi yon lòt egzanp ankò de efò kontini nou pou asire ke tout Nouyòkè gen sistèm transpò ki modènize ke yo merite a."

Gen prèske 250,000 rezidan ak plis pase 100,000 travay nan yon kilomèt nan kat estasyon yo, ki ka gen sèvis ki osi regilye ke chak 20 minit nan peryòd pik yo. Nouvo sèvis la ap fè pasaje Lès Bronx yo ekonomize jiska apeprè 50 minit nan chak direksyon rive Estasyon Penn, ak jiska 75 minit nan chak direksyon rive Connecticut. Pasaje Liy New Haven kounye a yo ki gen destinasyon nan kot lwès la ap ekonomize jiska 40 minit pa jou pliske deplasman depi Grand Central p ap nesesè.

Gouvènè Ned Lamont te deklare. "Sèvis amelyore nan sistèm wout ray la, ak yon zye sou lavni, vle di yon sistèm transpò ki fonksyone pou chak moun nan sa ki gen pou wè ak kalite lavi ak devlopman ekonomik pou rezidan ak biznis Connecticut ak New York yo. Sa vle di plis devlopman ki oryante sou transpò piblik, plis moun deyò, ak plis opòtinite pou plizyè dizèn milye moun ale nan travay yo chak jou epi ganye mwayen pou yo viv. Se dènye kooperasyon ant Connecticut ak New York ki montre kijan relasyon nou enpòtan pou rezidan nou yo ak siksè rejyon an."

Janno Lieber, Prezidan Pwovizwa MTA, te deklare, "Sa se yon bòn nouvel pou Bronx ak rejyon an. Avèk kat nouvo estasyon ki aksesib pou ADA yo nan Co-Op City, Morris Park, Parkchester/Van Nest ak Hunts Point, Aksè nan Penn Station ap bay aksè nan djòb, edikasyon ak opòtinite pou katye defavorize yo, diminye depasman nan Distri Biznis Santral Manhattan lan, men l ap entwodui tou opòtinite depasman envès."

Jamie Torres-Springer, Prezidan Konstriksyon ak Devlopman MTA, te deklare, "Se pu pwojè tankou Aksè nan Penn Station yo ke MTA a te kreye yon nouvo ajans kapital pou itilize apwoch inovan k ap fè pwojè yo konstui pi byen, pi rapid epi pi bon mache. Kontra konsepsyon-konstriksyon inik la rann yon antite responsab pou tout eleman pwojè a sou jesyon nou, ki mete pwojè sa sou wout Pwojè Ekspansyon MTA, ki te rete nan bidjè a epi ki te prevwa itilize yon apwoch menm jan."

Catherine Rinaldi, Prezidan Wout Ray MTA Metro-North, te deklare, "Aksè nan Estasyon Pennlan ap pote transfòmasyon konplètman pou Metro-North epi nou kontan anpil pou kòmanse sèvis la jiskaske pwojè a fini. Sa ap ekspansyon chemennfè ki pi gwo nan listwa - kat nouvo estasyon se pa ti bagay piti. Sa ap bay liy ki pi frekante nan Metro-North yo yon dezyèm wout nan Manhattan pou premye fwa, redondans ke tout sa ki pi enpòtan pandan chemennfè a ap chèche pouswiv gwo pwojè renouvèlman kapital sou wout Grnd Central la - sètadi Vyadik Park Avenue ak Tinèl Park Avenue."

Pwojè a ap amelyore koneksyon transpò, ranfòse rezistans rezo a lè li bay yon dezyèm tèminal Metro-North nan Manhattan, fè pwomosyon dirabilite epi relye kominote yo. Lè li itilize Liy Hell Gate ki egziste, pwojè a ap maksimize potansyèl enfrastrikti ki egziste a, pandan l ap minimize enpak yo sou kominote a.

L ap pote Liy Gate Hell la nan yon eta bon reparasyon epi amelyore fyabilite ak pèfòmans alè pou pasaje entèiben epi prepare koridò a pou tren gran vitès alavni. Amtrak ap kontribye 500 milyon dola nan pwojè a, gras ak efò Lidè Majoritè Schumer. Amtrak te dakò tou pou peye depans reta yo si yo pa reponn ak angajman pou reponn ak pàn oswa mendèv.

Anplis kat nouvo estasyon yo, pwojè a ap chanje wout de liy ki egziste a an yon wout ray kat liy, ki gen plis pase 31 kilomèt nouvo liy epi ki reyabilite. Pwojè a enkli tou kat reyabilitasyon pon, rekonfigirasyon Chantye New Rochell Metro-North la, kat nouvo anbwatman ak youn ki rekonfigire, senk nouvo sou-estasyon ak de ki modènize, ak modènizasyon siyalizasyon, kouran ak enfrastrikti kominikasyon.

Pwogramasyon konstriksyon pwojè aktyèl la estime a 63 mwa ak 2.87 milya dola. Yo estime pwojè a ap kreye oswa konsève apeprè 4,500 djòb dirèk ak yon lòt 10,000 djòb endirèk.

Senatè Ameriken Chuck Schumer, "Semèn sa, mwen te fyè pou anonse yon akò ke mwen te aranje ant Amtrak ak MTA pou fè avanse de pwojè enpòtan pou lavni transpò piblik la nan New York: Pwojè reyabilitasyon Aksè nan Metro-North Penn lan ak Tinèl East River a. Jodi a, Konsèy MTA a ratifye tranzaksyon sa epi akòde yon kontra pou

konstriksyon Aksè nan Penn. Sa se yon moman enpòtan pou kominote ki te manke transpò nan Lès ak Sid Bronx - ak kominote Sound Shore Westchester yo - paske l ap konekte kominote sa yo ak sèvis ray tren ki rapid, fyab, yon syèj nan Mitan Vil Manhattan ak sant travay yo nan Westchester ak Connecticut. Mwen bat bravo pou Konsèy MTA a paske li akòde kontra a epi mwen pa ka tann pou kontinye pouse toulede pwojè yo kòm priyorite pou sibvansyon USDOT yo."

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Pwoblèm transpò nan distri mwen an afekte lavi elektè mwen yo chak jou. Pwojè Aksè nan Estasyon Penn lan ki enkli ekspansyon pou liy ray Metro-North la nan Bronx ak Westchester nan Chantye New Rochelle la enpòtan anpil," Manm Kongrè Bowman (NY-16) te deklare. "Pwojè sa te yon pwomès vid pou eta nou an ak distri mwen an pandan twò lontan. Jodi a, mwen onore pou rejwenn Gouvènè Hochul, Senatè Schumer, Majistra Noam Bramson and Majistra de Blasio, ansanm ak kòlèg mwen yo nan tout New York pou kontinye epi sipòte pwojè sa anplis pou kreye jistis ak ekite transpò lè yo defann plis investisman enfrastrikti nan nivo federal."

Reprezantan Ritchie Torres, te deklare, "Vil nou an ak minisipalite nou an ap tann depi lontan yon reparasyon sistèm transpò an komen li yo. Kontra sa ap finalman asire ke Bronx lan gen aksè ki ogmante pou rès Vil la ak Westchester ak kat nouvo estasyon Metro North k ap diminye tan deplasman yo epi ogmante mobilite. Investisman istorik sa ap bay kominote ki defavorize istorikman yo ak fanmi k ap travay yo aksè nan travay, opòtinite edikatif ak plis. Rezidan Bronx yo merite transpò pou mas ki fyab ki alafwa aksesib epi ki ekitab pou tout pasaje."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Tranzaksyon enpòtan MTA ak Amtrak pou devlopman wout ray nan tout banlye nò Manhattan yo ap finalman pote bon koneksyon, fyabilite ak konfò pou pasaje nou yo. Mwen te detann san rete pou amelyorasyon sistèm chemennfè nou yo, epi mwen kontan pou wè pwojè sa reyalize. Nouyòkè yo merite transpò piblik modèn, espesyalman pandan nou tout kòmanse retounen travay. 30 milya dola ki atribye nan pwojè lwa enfrastrikti bipati a pwouve ke ak bon finansman an, nou ka fè avansman ki revolisyonè. Mwen bat bravo pou akò sa ak Senatè Shumer pou defans li nan non eta nou an, epi mwen pa ka tann pou devlopman alavni."

Senatè Tim Kennedy, Prezidan Komite Transpò Sena a (Senate's Transportation Committee) nan Eta New York, te deklare, "Pwojè aksè nan Estasyon Penn lan ap kreye djòb, amelyore sèvis pou Nouyòkè yo, epi finalman konekte pasaje yo ak destinasyon pi rapidman. Rezo patisipasyon nou an konte sou investisman inovan, estratejik pou fè nou avanse, epi pwojè sa se yon demonstrasyon de angajman New York ak MTA a fè pou vizyon ki pi laj sa."

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "Pwojè Aksè nan Estasyon Penn lan enpòtan anpil pou kominote isit la nan Bronx ke transpò piblik la mal desèvi. Konstriksyon kat nouvo estasyon tren sa yo ap chanje lavi moun yo pou pi bon k ap rann li pi fasil pou moun al travay, lekòl ak pou vake nan okipasyon kotidyen yo."

Majorite Asanble a te goumen pou jwenn aksè nan transpò piblik, pou kominote mal desèvi nan transpò piblik la, tankou lè li mete 250 milyon dola nan bidjè eta a pou Aksè nan Penn lan. Mèsi Senatè Shumer paske ou travay avèk MTA pou fè sa vin yon reyalite."

Manm Asanble Michael Benedetto te deklare, "Mwen menm ak tout Kominote Nòdès Bronx lan, kontan ak devlopman sa. L ap mete nou yon pa pi pre pou genyen sèvis Metro-North la isit la nan Lès Bronx ak nan Co-Op City. Se te yon zòn ki te bezwen gwo opsyon transpò depi lontan pou fè pwomosyon kwasans ekonomik ak ekite transpò an jeneral. Mwen bat bravo pou MTA paske li franchi etap monimantal sa epi mwen pa ka tann pou m travay avèk pou fè pwojè sa vin yon reyalite."

Prezidan Minisipalite Bronx Diaz Jr te deklare, "Sa se nouvèl ki akeyana ak yon etap an avan ekstraòdinè pou rezidan Bronx yo. Pandan apeprè yon deseni, mwen t ap frape tanbou a sou aksè dirèk nan Estasyon Penn soti Bronx, epi kounye a, pwojè k ap chanje jwèt sa pi pre toujou pou vin yon reyalite. Aksè nan Estasyon Penn lan ap ede Bronxite enkalkilab ak depasman ki pi efikas, k ap ouvri posiblite travay tou, pandan l ap diminye konjesyon sou wout nou yo. Mwen vle remèsye Janno Lieber, Prezidan Pwovizwa ak PDG MTA, ak tout ekip MTA a paske yo fè pwojè sa vanse."

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Etap vital sa nan kwonoloji pwojè Aksè nan Estasyon Penn lan se yon viktwa pou rezidan Westchester yo k ap sou Sound Shore la. Kreyasyon depasman yon syèj nan Estasyon Penn lan, ki ouvri plis aksè nan travay, edikasyon ak swen sante pou premye fwa jamè anvan, ap amelyore depasman epi ogmante valè Westchester nan pwosesis la. Mwen apresye efò MTA sa yo ak tout pati ki konsène nan pwojè sa epi nou pa ka tann pou wè li pote fui."

Manm Konsèy Vanessa L. Gibson te deklare, "Lès Bronx lan te dezavantaje depi lontan nan sa ki gen pou wè ak aksè nan transpò, men nouvo plan MTA a tabli epi ki finanse pa Pwojè Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la ap ede diminye transpò a divize an minisipalite. Ekspansyon Metro-North la nan Bronx ap yon lòd sovtaaj tou ak opòtinite devlopman ekonomik ak investisman nan enfrastrikti ki sèlman nesèsè pandan n ap eseye rekipere nan enpak devastan COVID-19 la te genyen sou minisipalite nou an. Mwen vle remèsye MTA, Lidè Majoritè Charles Schumer, Delegasyon Kongrè New York la, ak tout defansè transpò piblik nou yo pou sipò yo nan inisyativ sa ak ekite transpò pou tout Nouyòkè."

Manm Konsèy Kevin Riley te deklare, "MTA a ki avanse ak Pwojè Aksè nan Estasyon Penn lan, se anpil bagay pou Bronx, espesyalman nan distri mwen an, ki gen aksè ki limite nan depasman pou ale epi retounen nan Estasyon Penn, Westchester, ak Connecticut. Sa ouvri opòtinite pou transpò ki ekite, posiblite travay ak ekspansyon ekonomik pou kominote mwen an. Plan Pwojè Aksè nan Estasyon Penn lan rakousi trajè elektè yo radikalman ki ajoute sou kalite lavi yo. Mèsi Senatè Shumer ak MTA pou wòl enpòtan nou nan pouse pwojè sa k ap pote fasilite pou fanmi Bronx yo k ap pèmèt yo sipòte fanmi yo pi byen epi pase yon ti tan anplis ansan."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)